


## Èske ou gen kesyon? Konsènan Fòm 1095-A ou a?

### Nou kapab ede ou!



## Gen Èd Gratis ki Disponib



- Jwenn plis èd pou chwazi Dezyèm Silver Plan ou ki Koute mwen chè a (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP), oswa jwenn enfòmasyon jeneral sou Fòm 1095-A oswa sou Kredi Taks pou Prim Asirans lè ou rele **Community Health Advocates: 1-888-614-5400**
- Jwenn yon fòm korije oswa ranplasman depi ou rele **NY State of Health: 1-855-766-7860**.
- Pou kesyon sou taks, tanpri kontakte konseye taks ou, oswa **IRS** nan [www.irs.gov](http://www.irs.gov).

**Ou kapab jwenn plis enfòmasyon nan:**

- <http://info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>
- IRS nan [www.irs.gov](http://www.irs.gov)
- Preparatè Taks

NY State of Health respekte lwa Federal sou dwa moun ak lwa Eta yo epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sivil/sityasyon famiyal, andikap, kazye jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay ak/oswa vanjans.

**Sèvis nou yo gratis.  
Nou pale anpil lang diferan.**

## Enfòmasyon Enpòtan pou 2022

Dapre Plan Sekou Ameriken ki te adopte nan mwa mas 2021, moun ki te deja enskri nan Eta Sante New York yo te resevwa pi gwo kredi taks epi abitan New York ki gen pi gwo revni yo te vin kalifye pou APTC pou lapremye fwa. Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, ki te adopte nan mwa out 2022, pwolonje èd finansye ranfòse sa a jiska 2025.

Chanjman nan kouvèti asirans ak kredi enpo modifiye pral parèt nan fòmilè 1095A kliyan yo pou tout mwa ki aplikab.

### Enfòmasyon w sou tout chwa asirans sante ou genyen pou ane 2023 a.

- NY State of Health:  
Sou Entènèt nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)  
Nan telefòn nan 1-855-355-5777
- Community Service Society  
pou jwenn èd gratis fas-a-fas  
Rele 1-888-614-5400

# Fason pou Konprann Kijan pou Itilize Fòm 1095-A IRS

Fòm sa a ap rive jwenn ou pa lapòs epi n ap ap poste l sou kont NY State of Health ou an si w te enskri nan yon plan Marketplace an 2022.\*

Konsève fòm sa a epi li enstriksyon ki vini avèk li.

Itilize fòm sa a pou fè deklarasyon taks ou.

Form 1095-A Health Insurance Marketplace Statement

Department of the Treasury Internal Revenue Service

Do not attach to your tax return. Keep for your records. Go to www.irs.gov/Form1095A for instructions and the latest information.

OMB No. 1545-0047

2022

**Part I Recipient Information**

1. Marketplace identifier 2. Marketplace assigned policy number 3. Policy issuer's name

4. Recipient's name 5. Recipient's SSN 6. Recipient's date of birth

7. Recipient's spouse's name 8. Recipient's spouse's SSN 9. Recipient's spouse's date of birth

10. Policy start date 11. Policy termination date 12. Street address (including apartment no.)

13. City or town 14. State or province 15. Country and ZIP or foreign postal code

**Part II Covered Individuals**

A. Covered individual name B. Covered individual SSN C. Covered individual date of birth D. Coverage start date E. Coverage termination date

16. 17. 18. 19. 20.

**Part III Coverage Information**

Month A. Monthly enrollment premiums B. Monthly second lowest cost silver plan (SLCSP) premium C. Monthly advance payment of premium tax credit

21. January 22. February 23. March 24. April 25. May 26. June 27. July 28. August 29. September 30. October 31. November 32. December

33. Annual Totals

For Privacy Act and Paperwork Reduction Act Notice, see separate instructions. Cat No. 487002 Form 1095-A (2021)

\*Remak: Moun ki gen plan katastwofik p ap resevwa fòm sa a.

# Fason pou Itilize Fòm 1095-A nan NY State of Health

## Èske ou te itilize APTC pandan yon mwa oswa plizyè mwa?

Si ou te fè sa, montan ou te itilize a te baze sou estimasyon revni ou. Ou oblije konsilye montan kredi taks ou te itilize yo avèk montan ou kalifye pou resevwa dapre revni reyèl ou.

## Èske ou te peye tout frè pou plan ou pou youn oswa plizyè mwa?

Si revni aktyèl ou pi piti pase revni ou te estime a, ou ka anmezi pou w reklame Prim Kredi Enpo a, menmsi ou pa t aplike, ou pa t itilize oswa ou pa t kalifye pou èd finansyè nan moman w te enskri a.

## Fason pou konsilye/reklame Kredi Taks sou Prim Asirans

Etap 1: NY State of Health ap voye Fòm 1095-A ba ou.

Etap 2: Itilize Fòm 1095-A pou ranpli Fòm 8962 IRS. Si ou te gen APTC chak mwa ou te enskri, Fòm 1095-A te ranpli nèt pou ou. Si ou te enskri san kredi nan taks, ou bezwen idantifye Lajan Peman Asirans pa Mwa pou Dezyèm Plan Ajan ki Koute Mwen Chè a (Second Lowest Cost Silver Plan, SLCSP) chak mwa ou te enskri san kredi nan taks.

Etap 3: Fè deklarasyon taks federal sou revni ou, avèk fòm apwopriye nan Seri 1040 ak Fòm 8962.

## Ou Bezwen Èd?

Resous yo disponib nan **plizyè lang** sou sitwèb

<http://www.info.nystateofhealth.ny.gov/TaxCredits>

Jwenn enfòmasyon jeneral sou Fòm 1095-A oswa Kredi nan Taks pou Peman Asirans pa Mwa depi ou rele **Community Health Advocates** nan nimewo **1-888-614-5400**.

Jwenn yon fòm korije oswa ranplasman depi ou rele **NY State of Health** nan nimewo **1-855-766-7860**.